

Sa Founisè Sèvis Gadri ki Baze nan Lekòl yo ta Dwe Konnen

Founisè gadri ki baze nan lekòl yo sitiye andedan lekòl oswa yo fè pati yon lekòl, epi yo bay ansèyman pou timoun ki gen laj 3 a 5 lane. Se [Atik 43](#) nan Kòd Sante Vil New York, Lwa sou Edikasyon Eta New York, Kòd Ensandi ak Kòd Konstriksyon Vil New York ki kontwole sant gadri ki baze nan lekòl yo. Depatman Sante Vil New York enspekte sant gadri ki baze nan lekòl yo chak ane pou asire yo respekte Kòd Sante a.

Avi Depo

Ou dwe soumèt yon Avi Depo [sou entènèt](#) lè ou kreye yon nouvo lekòl ki bay ansèyman ak swen pou timoun ki gen laj 3 a 5 lane.

Aprè yo resevwa Avi Depo a, Depatman Sante a pral ba ou yon Sètifika Depo. Ou ka soumèt yon demann sou entènèt pou chanje sètifika sa a si gen:

- Yon chanjman nan enfòmasyon pou kontak
- Yon chanjman nan direktè lekòl la oswa direktè edikasyon an
- Yon erè nan Sètifika Depo orijinal la

Anvan yon enspeksyon

- Kenbe nan dosye tout dosye medikal [obligatwa yo](#) pou tout timoun ou ap okipe yo
- Kenbe nan dosye tout dosye obligatwa pou anplwaye yo, ansanm ak dosye anrapò ak:
 - Anprent
 - Egzamen kazye jidisyè
 - Fòmasyon Pèsonèl la pou aprann sèvi ak [oto-enjektè epinephrine](#): Omwen yon moun nan pèsonèl la ki resevwa fòmasyon pou rekonèt chòk anafilaktik ak bay epinephrine dwe toujou nan sant lan. *Gade lòt Fòmasyon Obligatwa yo ki endike nan tablo ki anba a.*
- Kenbe de (2) oto-enjektè epinephrine sou plas.
- Kenbe rapò obligatwa a konsènan kantite anplwaye parapò ak kantite timoun ki dekri nan [Atik 43](#).
- Kenbe etablisman an pwòp, ansanm ak kwizin yo, salklas yo ak twalèt yo.
- Si ou prepare manje souplas, toujou konsève, prepare ak sèvi manje yo dapre [Atik 81](#) nan Kòd Sante a, ansanm ak:
 - Pran yon pèmi valab pou etablisman sèvis manje
 - Antretni ekipman pou kenbe manje cho ak frèt
 - Achte manje nan men sous ki apwouve yo
 - Mete yon sipèvizè pou sèvis manje desèvis ki gen yon [Sètifika pou Pwoteksyon Manje](#)
- Asire dlo pou bwè nan tout tèt tiyo ak fontèn yo pa gen nivo plon ki wo:
 - Sèvi avèk yon pwotokòl Depatman Sante a apwouve pou teste tout dlo pou bwè yo nan 60 jou oplita aprè ou fin soumèt yon Avi Depo.

- Soumèt epi resevwa apwobasyon pou yon Plan Daksyon pou pote Koreksyon si gen nenpòt rezilta tè s ki endike gen 15 pati pou chak milya (parts per billion, ppb) oswa pi wo, epi pran mezi pou pote koreksyon.
- Teste chak tèt tiyo ak fontèn chak senk (5) lane.
- Si ou gen kesyon konsènan pwotokòl pou tè s yo oswa aksyon pou pote koreksyon, rele Biwo Swen Timoun (Bureau of Child Care) nan 646-632-6100.
- Asire etablisman ou lan pa gen penti abaz plon k ap dekalè. Yo sipoze ke tout penti k ap dekalè ki gen kontni plon enkonni se penti abaz plon li ye.

Apres yon enspeksyon

Après yon enspeksyon Depatman Sante, enspektè a ap ba ou yon rapò elektwonik pou nenpòt vyolasyon li obsève ak nan ki dat ou dwe korije yo oplita. Si gen yon enspeksyon konfòmite obligatwa, yon enspektè ap fè yon dezyèm vizit swivi. Si ou pa respekte Kòd Sante a, y ap ba ou yon Avi pou Vyolasyon, ki ka gen amann ladann.

Fòmasyon ak Devlopman Pwofesyonèl

[Aspire Registry](#) se sistèm Eta New York gen sou entènèt ki bay sipò pou pwofesyonèl pou timoun piti yo. Aspire Registry pèmèt anplwaye yo swiv aktivite fòmasyon yo ak lòt aktivite devlopman pwofesyonèl yo.

Fòmasyon ki endike annapre la yo obligatwa. Premye tablo ki anba a endike kiyès ki dwe resevwa fòmasyon an, ansanm ak kèk nan fòmasyon ki apwouve yo, men se pa tout. **Sètifika Fòmasyon yo dwe valab epi yo dwe anrejistre nan Aspire Registry.**

Sijè Fòmasyon	Obligatwa Pou	Enfòmasyon sou Fòmasyon
Reyaksyon Alèjik yo	Tout pèsonèl anseyan	Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon Timoun Piti Pwogram Devlopman Pwofesyonèl (Professional Development Program, PDP) Klas: Fondasyon nan Fòmasyon Anliy Sante ak Sekirite
Oto-Enjektè Epinephrine	Omwen yon manm pèsonèl ki fòme pou bay yon oto-enjektè epinephrine dwe toujou souplas	<ul style="list-style-type: none"> ● Pwogram Code Ana: 434-924-5310 ● Anafilaksi ak Oto-Enjektè Epinephrine, Lakwa Wouj Ameriken: 800-733-2767 ● Fòmasyon PDP pou Bay Medikaman: 518-442-6575 Klas: Tape “stock epinephrine auto-injectors” (estòk oto-enjektè epinephrine) nan chan rechèch la pou jwenn fòmasyon ki rele “Emergency Medication Administration Overview INCLUDING Stock Epinephrine Auto-Injectors” (Après sou Administrasyon Medikaman ann Ijans ANSANM AK Estòk Oto-Enjektè Epinephrine)

Benefisyè finansman Sibvansyon Global Devlopman pou Swen Timoun dwe fòme pèsonèl yo sou sijè yo ki endike anba a.

Sijè Fòmasyon	Obligatwa Pou	Enfòmasyon sou Fòmasyon
Preparasyon pou Ijans	Tout pèsonèl	Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon Timoun Piti PDP Klas: Fondasyon nan Fòmasyon Anliy Sante ak Sekirite
Sendwòm Tibebe yo Sekwe ak Sendwòm Lanmò Tibebe Toudenkou (Sudden Infant Death Syndrome, SIDS)	Tout pèsonèl	Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon Timoun Piti PDP Klas yo: Prevni Sendwòm Lanmò Tibebe Toudenkou ak Fè Pwomosyon Somèy San danje; Prevansyon ak Idantifikasyon Blesi nan Sèvo, ansanm ak Chòk nan Sèvo akòz Vyolans (Abusive Head Trauma, AHT)
Abi ak Move Tretman sou Timoun	Tout pèsonèl anseyan	Sant Resous pou Rapòtè Obligatwa (Mandated Reporter Resource Center) : 800-836-0903
Kontwòl Enfeksyon	Tout pèsonèl anseyan	Akademi Ameriken pou Pedyatri (American Academy of Pediatrics) Eliminasyon Mikwòb nan Anviwònman Swen ak Edikasyon Timoun piti : 800-433-9016
Premye Sekou nan Sante Mantal	Tout pèsonèl anseyan an	ThriveNYC : 888-692-9355
Devlopman Koyitif, Sosyal Emosyonèl ak Fizik	Tout pèsonèl anseyan	<ul style="list-style-type: none"> Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon Timoun Piti PDP Klas yo: Devlopman Sèvo Tibebe; Swen Timoun nan Laj Lekòl; Entèkansyon Bonè; Fondasyon nan Fòmasyon Anliy Sante ak Sekirite; Prevansyon Obezite Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) Klas: Gade M! Selebre Etap Enpòtan ak Pataje Enkyetid
Angajman Fanmi	Tout pèsonèl anseyan	Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon Timoun Piti PDP Klas: Angajman Fanmi
CPR ak Premye Swen	Omwen yon manm pèsonèl ki fòme dwe toujou souplas	<ul style="list-style-type: none"> Lakwa Wouj Ameriken (American Red Cross): 212-875-2430 Asosyasyon Ameriken pou Kè (American Heart Association): 800-AHA-USA-1